



PASPÒ AMERIKEN POU ADILT

Pou moun ki gen 16 zan ou ki pi aje

Paspò a ak kat paspò a

- Paspò a se pou antre Ozetazini pa avyon, machin oswa bato.
- Kat paspò a se pou antre Ozetazini pa avyon oswa bato; sepandan, ou pa kapab sèvi avèk li pou vwayaj entènasyonal pa avyon.
- Kat paspò gendwa itilize nan Ready Lanes yo, lè w ap antre Ozetazini nan pòs frontyè terès yo.
- Paspò pou moun ki gen 16 zan ou ki pi aje valab pandan 10 zan.
- Kat paspò a gen menm dimansyon ak yon kat kredi epi yo gendwa itilize li kòm pyès idantite.
- Lè w fè yon demann pou paspò ak kat la anmenmtan, sa pèmèt ou ekonomize lajan.



Men sa ou bezwen pou fè yon demann pou yon paspò:

- ✓ Prè ou se sitwayen ameriken, tankou yon ak-de-nesans ki montre ou te fèt Ozetazini.
- ✓ Yon pyès idantite leta bay ki gen foto sou li.
- ✓ Moun k ap fè demann la dwe prezante li-menm pèsònèlman, eksepte si li kalifye pou li renouvle yon paspò pa lapòs.
- ✓ Yon foto koulè dimansyon 2"x2".
- ✓ Fòm aplikasyon pou paspò DS-11.
- ✓ Frè paspò a.

Si w bezwen plis enfòmasyon
1-877-487-2778 (Anglè ak Panyòl)
oswa 1-877-874-7793 TDD/TTY
travel.state.gov/passports